

## **Boston Medical Center**

### **Faktirasyon Lopital la ak Règleman sou Rekouvremman yo**

Boston Medical Center, (the “Hospital” or “BMC”) gen yon responsablite fidisyè entèn pou chèche jwenn ranbousman pou sèvis li bay pou pasyan ki kapab peye, nan konpayi asirans endepandan responsab ki garanti frè pou swen sante pasyan an, ak nan lòt pwogram èd pasyan an kalifye pou resevwa. Pou detèmine si yon pasyan kapab peye pou sèvis li resevwa yo epitou pou ede pasyan an jwenn lòt kalite chwa pwoteksyon si pasyan an pa gen asirans oswa si li pa gen ase asirans, Lopital la itilize kritè ki anba la yo ki gen pou wè ak faktirasyon ak rekouvremman nan men pasyan an. Lè n ap jwenn enfòmasyon finansye pèsònèl ak fanmi pasyan an, Lopital la konsève tout enfòmasyon yo dapre lwa federal ak lwa leta ki anvigè sou enfòmasyon prive, sekirite, ak vòl idantite.

#### **A. Rasanbleman Enfòmasyon sou Resous Finansye ak Pwoteksyon Asirans Pasyan an**

- a) Lopital la ap travay avèk pasyan an pou fè pasyan an konnen responsablite li pou bay enfòmasyon enpòtan sa yo:

Anvan pasyan an resevwa nenpòt sèvis swen sante (sof pou sèvis nou bay pou estabilize yon pasyan nou detèmine ki gen yon pwoblèm medikal annijans oswa ki bezwen sèvis swen sante ijan), pasyan an gen responsablite pou bay enfòmasyon ki apwopriye ak egzat sou sitiyasyon asirans li nan moman an, enfòmasyon demografik, chanjman nan revni fanmi pasyan an oswa nan pwoteksyon kontra asirans angwoup pasyan an (si li genyen), epi, si li konnen, enfòmasyon sou franchiz oswa kopeman ki obligatwa dapre pwogram asirans oswa pwogram finansye ki anvigè. Enfòmasyon detaye pou chak atik ta dwe genyen, men pa sèlman:

- i) Prenon ak non fanmi, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo sekirite sosyal (si li genyen), dènye chwa pwoteksyon asirans sante, enfòmasyon sou sitwayènte ak rezidans, ak resous finansye pasyan an genyen ki ka sèvi pou peye bòdwo pasyan an;
- ii) Si li aplikab, prenon ak non garan pasyan an, adrès garan ki endike a, nimewo telefòn li, dat nesans li, nimewo sekirite sosyal li (si li genyen), dènye chwa pwoteksyon asirans sante, ak resous finansye pasyan an genyen ki ka sèvi pou peye bòdwo pasyan an; ak
- iii) Lòt resous ki ka sèvi pou peye bòdwo pasyan an, tankou lòt pwogram asirans, kontra asirans veyikil-a-motè oswa kontra asirans pwopriyete kay si tretman an te dwe fèt akòz yon aksidan, pwogram konpansasyon travayè, kontra asirans etidyan, ak nenpòt lòt revni fanmi an tankou eritaj yo, kado yo oswa distribisyon nan yon fideyikomi ki disponib, elatriye.

Pasyan an gen responsablite tou pou swiv bòdwo Lopital li ki pa peye, tankou nenpòt kopeman ki la deja, ko-asirans ak franchiz. Pasyan an dwe kontakte Lopital la si pasyan an ta bezwen èd pou peye kèk nan bòdwo Lopital la oswa tout bòdwo a. Answit pasyan an gen obligasyon pou fè swa konpayi asirans sante pasyan an nan moman an (si pasyan an gen youn) oswa ajans leta ki te detèmine kondisyon kalifikasyon pasyan an pou yon pwogram piblik konnen nenpòt chanjman nan revni fanmi li oswa sitiyasyon asirans li. Lopital la ka ede pasyan an tou avèk modifikasyon kalifikasyon pasyan an pou yon pwogram piblik lè gen nenpòt chanjman nan revni fanmi an oswa nan sitiyasyon asirans pasyan an, depi pasyan an fè Lopital la konnen nenpòt chanjman nan sitiyasyon kalifikasyon pasyan an.

Lopital la ap travay avèk pasyan an pou asire pasyan an konnen responsablite pasyan an pou fè Lopital la ak pwogram ki anvigè kote pasyan an resevwa èd la (pa egzanp, MassHealth, Health Connector, Health Safety Net, oswa Medical Hardship) konnen nenpòt enfòmasyon ki gen pou wè ak yon chanjman nan revni fanmi an, oswa si pasyan an patisipe nan yon reklamasyon

asirans ki ka garanti frè sèvis Lopital la bay la. Si gen yon asirans endepandan (tankou, men pa sèlman, asirans kay oswa asirans oto) ki responsab pou garanti frè swen sante akòz yon aksidan oswa lòt ensidan, pasyan an ap travay avèk Lopital la oswa pwogram ki anvigè a (tankou, men pa sèlman, MassHealth, Connector, oswa Health Safety Net) pou afekte dwa pou touche kantite lajan ki peye oswa ki pa peye pou sèvis yo.

b) Obligasyon Lopital la:

Lopital la ap fè tout efò ki rezonab ak rapid pou pran enfòmasyon sou asirans pasyan an ak lòt enfòmasyon pou verifye pwoteksyon pou sèvis swen sante Lopital la dwe bay pasyan an. Efò sa yo ka fèt pandan premye anrejistremant pasyan an anpèsòn nan lokal Lopital la pou yon sèvis, oswa yo ka fèt lòt lè. Answit, Lopital la ap fè pasyan an konnen disponiblite chwa pwoteksyon nan yon pwogram èd piblik oswa nan yon pwogram èd finansye Lopital la, tankou MassHealth, pwogram peman èd pou frè yo ki anba kontwòl Health Connector, the Children's Medical Security Program, Health Safety Net, oswa Medical Hardship, nan bòdwo faktirasyon Lopital la voye ba pasyan an oswa ba garan pasyan an apre livrezon sèvis yo. Answit, Lopital la pa fè dilijans rezonab li nan sistèm verifikasyon finansye piblik oswa prive ki la deja pou detèmine si li kapab idantifye sitiyasyon kalifikasyon pasyan an pou pwoteksyon asirans piblik oswa prive. Lopital la ap fè efò pou jwenn enfòmasyon yo anvan livrezon nenpòt sèvis swen sante ki pa twò ijan ak sèvis swen sante ki pa ijan. Lopital la ap retade nenpòt efò pou jwenn enfòmasyon sa yo pandan yon pasyan ap swiv tretman pou yon pwoblèm medikal pou ijans oswa pandan pasyan an ap resevwa sèvis swen ijan ki nesesè.

Efò dilijans rapid Lopital la ap gen ladan, men pa sèlman, demann enfòmasyon sou sitiyasyon asirans pasyan an, tchèk nenpòt baz done asirans piblik oswa prive ki disponib, swiv règ faktirasyon ak otorizasyon, epi jan sa apwopriye, konteste reklamasyon ki jwenn refi lè peman pou sèvis la dwe fèt okonplè oswa anpati avèk yon konpayi asirans endepandan ki ka responsab pou peye frè dènye sèvis swen sante pasyan an. Lè ekip anrejistre oswa admisyon Lopital la jwenn enfòmasyon yo nan men pasyan an, yo dwe travay avèk pasyan an pou asire komunikasyon enfòmasyon enpòtan yo fèt ba pwogram piblik apwopriye, tankou nenpòt chanjman nan revni oswa sitiyasyon asirans fanmi an, tankou nenpòt pwosè oswa reklamasyon asirans ki ka garanti frè sèvis Lopital la bay yo.

Si pasyan an oswa garan/responsab legal la pa kapab bay enfòmasyon ki nesesè yo, epi si pasyan an dakò, Lopital la ap fè efò rezonab pou kontakte manm fanmi, zanmi, garan/responsab legal, ak/oswa moun endepandan apwopriye pou jwenn lòt enfòmasyon.

Efò dilijans rapid Lopital la pou fè ankèt pou konnen si yon asirans endepandan oswa lòt resous ka responsab pou peye frè sèvis Lopital la bay yo dwe gen ladan, men pa sèlman, detèminasyon nan men pasyan an si gen yon kontra asirans ki anvigè pou garanti frè reklamasyon yo, tankou: (1) yon kontra asirans responsablite veyikil-a-motè oswa kontra asirans responsablite pwopriyete kay, (2) yon kontra asirans pou pwoteksyon kont aksidan jeneral oswa kont chòk pèsònèl, (3) pwogram konpansasyon travayè, ak (4) kontra asirans etidyan, elatriye. Si Lopital la kapab idantifye yon asirans endepandan responsab oswa si Lopital la te resevwa yon peman nan yon asirans endepandan oswa nan yon lòt resous (tankou yon konpayi asirans prive oswa yon lòt pwogram piblik), Lopital la ap rapòte peman an ba pwogram ki anvigè a epi l ap konpanse peman an, si sa anvigè dapre kondisyon pwogram nan pou travay sou reklamasyon yo, kont nenpòt reklamasyon asirans endepandan an oswa lòt resous la te ka peye. Pou pwogram asirans piblik leta ki peye pou frè sèvis yo nan moman an, Lopital la pa gen obligasyon pou jwenn afektasyon sou dwa yon pasyan pou pwoteksyon sèvis yo nan asirans endepandan an. Nan ka sa yo, pasyan an ta dwe konnen pwogram leta ki anvigè a ka fè efò pou chèche afektasyon sou frè sèvis nou bay yo pou pasyan an.

## **B. Pratik Faktirasyon ak Rekouvremman Lopital la**

Lopital la gen yon metòd inifòm ak konsistan pou soumèt ak touche reklamasyon nou soumèt ba pasyan yo, kèlkeswa sitiyasyon asirans yo. Yon fason ki espesyal, si pasyan an gen yon balans li pa peye nan moman an epi ki gen pou wè ak sèvis nou bay pou pasyan an epi ki pa garanti avèk yon chwa pwoteksyon piblik oswa prive, Lopital la ap swiv pwosedi rekouvremman/faktirasyon rezonab ki endike anba la a, ki gen ladan:

- a) Nenpòt bòdwo nou voye ba pasyan an oswa ba moun konsène ki responsab pou obligasyon finansye pasyan an; premye bòdwo a ap gen ladan enfòmasyon sou disponiblite èd finansye (tankou, men pa sèlman, MassHealth, pwogram peman èd pou frè yo ki anba kontwòl Health Connector, the Children's Medical Security Program, the Health Safety Net ak Medical Hardship) pou garanti frè bòdwo Lopital la;
- b) Faktirasyon apre yo, koutfil, lèt rekouvremman, avi pou kontak pèsònèl, avi nan òdinatè, oswa nenpòt lòt metòd avi ki reprezante yon vrè efò pou kontakte moun konsène ki responsab pou bòdwo ki pa peye, k ap gen ladan enfòmasyon sou fason pasyan an kapab kontakte Lopital la si pasyan an bezwen èd finansye;
- c) Si li posib, dokiman lòt kalite efò pou jwenn moun konsène ki responsab pou obligasyon an oswa pou jwenn adrès kòrèk ki sou bòdwo sèvis lapòs pote tounen yo tankou "adrès la pa kòrèk" oswa "livrezon an pa kapab fèt;"
- d) Voye yon avi final nan kourye sètifye pou pasyan ki pa gen asirans yo (sa ki pa enskri nan yon pwogram tankou Health Safety Net oswa MassHealth) ki lakòz yon balans move dèt pou ijans ki depase \$1,000 dola sèlman sou Sèvis ki nan Nivo Ijans sèlman, lè sèvis lapòs te pote avi yo retounen kòm "adrès la pa kòrèk" oswa "livrezon an pa kapab fèt," epitou fè pasyan an konnen disponiblite èd finansye nan komunikasyon an;
- e) Prezantasyon faktirasyon k ap kontinye nan dokiman oswa aksyon rekouvremman Lopital la fè pandan 120 jou apati dat sèvis la ap kontinye fèt epi yo disponib pou pwogram federal ak/oswa pwogram leta ki anvigè pou verifye efò sa yo; epi
- f) Tcheke Sistèm Verifikasyon Kalifikasyon Massachusetts pou asire pasyan an pa yon Pasyan ki pa Touche Ase Revni epi pou asire li pa soumèt yon aplikasyon pou pwoteksyon pou swa MassHealth, Pwogram peman èd pou frè yo ki anba kontwòl Health Connector, the Children's Medical Security Program, Health Safety Net, oswa Medical Hardship, anvan li nou soumèt reklamasyon yo nan Biwo Health Safety Net pou pwoteksyon move dèt.
- g) Pou tout pasyan ki enskri nan yon pwogram èd piblik, Lopital la ka sèlman bay bòdwo pou pasyan pou kopeman, ko-asirans, oswa franchiz espesyal ki endike nan règleman leta ki anvigè epi ki ka endike tou nan Sistèm Enfòmasyon Jesyon Medicaid leta.

Lopital la ap chèche yon peman espesyal pou pasyan ki pa kalifye pou enskri nan yon pwogram èd piblik leta nan Massachusetts, tankou moun ki p ap viv nan eta a, men ki ka satisfè kategori kalifikasyon finansye jeneral yon pwogram èd piblik leta. Pou pasyan sa yo, Lopital la ap fè pasyan an konnen si resous siplemantè disponib dapre revni pasyan an ak lòt kritè, jan sa endike nan Règleman Èd Finansye Lopital la.

Sou demann pasyan an epi dapre yon revizyon entèn sitiyasyon finansye chak pasyan, Lopital la ka ofri yon pasyan yon rabè siplemantè tou oswa lòt èd dapre pwogram èd finansye entèn li ki aplike sou yon baz inifòm pou pasyan yo, epi ki konsidere sitiyasyon finansye pasyan an ki prezante nan dokiman, ak enposiblite pasyan an pou fè yon peman apre aksyon rezonab pou rekouvremman. Nenpòt rabè Lopital la bay ap respekte kondisyon federal ak kondisyon leta, epi li p ap enfluyanse yon pasyan pou resevwa sèvis nan Lopital la.

### C. Popilasyon ki Egzante nan Aktivite Rekouvremman

Popilasyon pasyan ki endike anba la yo egzante nan nenpòt pwosedi rekouvremman oswa faktirasyon dapre règ ak règleman leta: Pasyan ki enskri nan yon pwogram asirans sante piblik, tankou men pa sèlman, MassHealth, Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children; Children's Medical Security Plan, si Revni Brit Ajiste Modifye a egal a oswa pi piti pase 300% Nivo Federal Povrete; Pasyan ki pa Touche Ase Revni jan MassHealth ak Health Safety Net detèmine sa, tankou Revni Brit Ajiste Modifye, revni Fanmi oswa Revni Kontab Fanmi ki nan Medical Hardship ant 150.1 ak 300% Nivo Federal Povrete; ak Medical Hardship, ki depannde eksepsyon ki endike anba la yo:

- a) Lopital la ka chèche aksyon rekouvremman kont nenpòt pasyan ki enskri nan pwogram ki endike anwo a pou kopeman ak franchiz obligatwa yo ki endike nan chak pwogram espesyal;
- b) Lopital la ka bay faktirasyon oswa li ka fè rekouvremman tou pou yon pasyan ki deklare li se yon patisipan nan yon pwogram èd finansye ki garanti frè sèvis Lopital la, men ki pa bay prèv patisipasyon li nan pwogram nan. Lè Lopital la resevwa prèv satisfèzan ki endike yon pasyan se yon patisipan nan yon pwogram èd finansye, (tankou resepsyon oswa verifikasyon aplikasyon ki siyen an), Lopital la dwe sispann aktivite faktirasyon ak rekouvremman li;
- c) Lopital la ka kontinye aksyon rekouvremman sou nenpòt Pasyan ki pa Touche Ase Revni pou sèvis Lopital la ba pasyan an anvan Lopital la detèmine Pasyan se yon Pasyan ki pa Touche Ase Revni, depi dènye sitiyasyon Pasyan ki pa Touche Ase Revni an te sispann, ekspire, oswa idantifye nan Sistèm Verifikasyon Kalifikasyon leta oswa nan Sistèm Enfòmasyon Jesyon Medicaid. Men, lè Lopital la detèmine yon pasyan kalifye pou MassHealth, Pwogram Peman Èd pou Peye Frè yo ki Anba Kontwòl Health Connector, the Children's Medical Security Plan, oswa Medical Hardship epi enskri ladan, Lopital la ap sispann aktivite rekouvremman pou sèvis yo (avèk eksepsyon nenpòt kopeman ak franchiz) Lopital la bay anvan kòmansman kalifikasyon pasyan an pou pwogram ki endike a.
- d) Lopital la ka chèche aksyon rekouvremman kont nenpòt pasyan ki patisipe nan pwogram ki endike anwo a pou sèvis ki pa garanti pasyan an dakò pou li responsab pou peye, depi Lopital la te jwenn konsantman alekri pasyan an davans pou li bay pasyan an bòdwo pou sèvis (yo). Men, menm nan sikonstans sa yo, Lopital la pa ka bay pasyan an bòdwo pou reklamasyon ki gen pou wè ak erè medikal oswa reklamasyon konpayi asirans prensipal pasyan an refize peye akòz yon erè administratif oswa yon erè nan faktirasyon an.

### D. Aksyon Rekouvremman Ekstrawòdinè

- a) Lopital la p ap fè okenn "aksyon rekouvremman ekstrawòdinè".
- b) Men kèk nan aksyon rekouvremman ekstrawòdinè:
  - i) Vann dèt yon pasyan ba yon lòt konpayi (sof si kondisyon espesyal ki endike anba la yo satisfè);
  - ii) Rapòte ba ajans rapòtaj kredi oswa ba biwo kredi;
  - iii) Defere, refize, oswa egzije yon peman anvan bay swen sante ki nesesè pou rezon medikal akòz non-peman youn oswa plis bòdwo pou swen sante garanti anvan dapre règleman èd finansye Lopital la (nou konsidere kòm yon aksyon rekouvremman ekstrawòdinè pou swen sante nou te bay anvan an)
  - iv) Aksyon ki egzije pwosesis legal oswa jidisyè, tankou:
    - (1) Plasman yon dwa privilèj sou yon pwopriyete pasyan an;
    - (2) Sezi sou byen imobilye;
    - (3) Tache oswa kont labank oswa nenpòt lòt pwopriyete pèsonèl;
    - (4) Kòmansman yon aksyon sivil kont yon pasyan;
    - (5) Lakòz arestasyon yon pasyan;
    - (6) Lakòz yon pasyan anba yon aksyon sezi-arè; epi
    - (7) Sezi salè yon pasyan.
  - v) Lopital la ap trete lavant dèt yon pasyan ba yon lòt konpayi kòm yon aksyon rekouvremman ekstrawòdinè sof si pasyan an fè yon akò obligatwa alekri avèk achtè dèt la epi dapre akò a,

- (i) achtè a entèdi pou li fè yon nenpòt aksyon rekouvremman ekstrawòdinè pou li jwenn peman pou swen sante a; (ii) achtè a entèdi pou li mande enterè sou dèt la nan yon to ki pi wo pase to enterè IRS pratike pou ensifizans peman; (iii) dèt la kapab retounen nan Lopital la oswa Lopital la kapab pran dèt la ankò lè nou detèmine pasyan an kalifye pou èd finansye; epi (iv) si nou detèmine pasyan an kalifye pou èd finansye a epi si dèt la pa retounen oswa si Lopital la pa pran dèt la ankò, achtè a gen obligasyon pou respekte pwosedi ki asire pasyan an p ap peye achtè a plis pase sa pasyan an gen responsablite pèsònèl pou li peye dapre règleman èd finansye a.
- vi) Aksyon rekouvremman ekstrawòdinè gen ladan aksyon Lopital la fè pou resevwa peman pou swen sante kont nenpòt lòt pasyan ki aksepte oswa ki gen obligasyon pou aksepte responsablite pou bòdwo Lopital pasyan an pou swen sante a.

### **E. Ajans Rekouvremman Deyò**

Lopital la ka fè kontra avèk yon ajans rekouvremman deyò pou ede nan rekouvremman sèten kont, tankou kantite lajan pasyan responsab pou peye epi ki pa rezoud apre 120 jou aksyon rekouvremman k ap fèt san rete. Lopital la ka fè kontra obligatwa avèk ajans rekouvremman deyò yo. Nenpòt kontra konsa ki bay pèmision pou lavant dèt la kòm yon aksyon rekouvremman epi ki pa trete kòm yon aksyon rekouvremman ekstrawòdinè ap satisfè kondisyon ki dekri anwo a. Nan tout lòt ka yo, si Lopital la vann oswa voye dèt yon pasyan ba yon lòt konpayi, akò avèk lòt konpayi a ap la yon fason rezonab pou asire pa gen aksyon rekouvremman ekstrawòdinè ki fèt. Tout ajans rekouvremman deyò Lopital la anboche yo ap bay pasyan an yon okazyon pou depoze yon doleyans epi y ap voye rezilta doleyans pasyan an ba Lopital la. Lopital la ap egzije pou nenpòt ajans rekouvremman deyò opere annakò avèk egzijans federal ak egzijans leta konsènan rekouvremman dèt san paspouki.

### **F. Depo ak Plan Peman**

Dapre règleman Massachusetts Health Safety Net ki konsène pasyan yo swa: (1) detèmine ki se yon "Pasyan ki Pa Touche Ase Revni" oswa (2) ki kalifye pou Medical Hardship, Lopital la ap bay pasyan an enfòmasyon sou depo ak plan peman ki baze sou sitiasyon finansye pasyan an ki prezante nan dokiman. Nenpòt lòt plan ap baze sou pwogram èd finansye entèn Lopital la, epi li p ap aplike pou pasyan ki gen mwayen pou peye.

#### **a) Sèvis pou Ijans**

Yon Lopital pa ka egzije pasyan an pou li fè depo sou peman anvan admisyon ak/oswa anvan tretman ki egzije Sèvis nan Nivo Ijans oswa apre Lopital la detèmine Pasyan an pa Touche Ase Revni.

#### **b) Depo Pasyan ki pa Touche Ase Revni**

Yon Lopital ka mande pou pasyan yo fè depo si Lopital la detèmine Pasyan yo pa Touche Ase Revni. Depo sa yo dwe limite a 20% kantite lajan franchiz la, jiska \$500 dola. Tout rès balans yo depannde kondisyon plan peman Lopital la detèmine nan 101 CMR 613.08(1)(g).

#### **c) Depo pou Pasyan Medical Hardship**

Yon Lopital ka mande pou pasyan ki kalifye pou Medical Hardship fè yon depo sou peman. Depo sa yo dwe limite a 20% kotizasyon Medical Hardship jiska \$1,000 dola. Tout rès balans yo depannde kondisyon plan peman Lopital la detèmine nan 101 CMR 613.08(1)(g).

d) Plan Peman pou Pasyan ki Pa Touche Ase Revni dapre Pwogram Massachusetts Health Safety Net Lè yon pasyan ki gen yon balans \$1,000 dola, apre premye depo a, Lopital la dwe ofri pasyan an omwen yon plan peman sou yon ane san enterè avèk yon peman minimòm pa mwa ki pa depase \$25 dola. Si yon pasyan gen yon balans ki depase \$1,000 dola, apre premye depo, Lopital la dwe ofri pasyan an omwen yon plan peman sou dezan san enterè.

- e) Franchiz Yon Sèl Fwa CommonHealth  
Sou demann pasyan an, Lopital la ka bay bòdwo pou yon pasyan ki pa touche ase revni pou pèmèt Pasyan an satisfè Franchiz Yon Sèl Fwa CommonHealth.
  
- f) Franchiz yon Sèl Fwa nan CommonHealth  
Sou demann pasyan an, Lopital la ka voye bòdwo ba yon Pasyan ki Pa Touche Ase Revni pou nou kapab pèmèt pasyan an satisfè Franchiz yon Sèl Fwa CommonHealth ki obligatwa a
  
- g) Lopital la ap ofri Pasyan ki pa Touche Ase Revni epi ki nan Health Safety Net an Pati yon plan ko-asirans, k ap pèmèt pasyan an peye 20% paman Health Safety Net pou chak vizit jouk lè pasyan an peye franchiz anyèl li. Lopital la ap voye rès balans lan ba Health Safety Net.